# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–09 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

भारतीय जनता पारटी क सीनियर नेता नरेन्द्र मोदी अब से थोरके देर बाद लगतारे तिसरकी बेरि प्रधानमंत्री पद क सपथ लीहें। राष्ट्रपति द्रोपदी मुर्मू राष्ट्रपति भवन में नया मंत्रिमण्डलो के आजु पद अउर गोपनीयता क सपथ दियइहें। सपथ ग्रहण समारोह संझा सवा सात बजे से होई। राष्ट्रपति श्री मोदी के सरकार गठन खातिर आमंत्रित कइले रहलिनि।

सुक्क के श्री मोदी राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू से मुकाकाति कइ के सरकार गठन क दावा पेस कइले रहलें। भारतीय जनता पारटी क अध्यक्ष जगत प्रकाश नड्डा के अगुआई में, राष्ट्रीय जनतांत्रित गठबंधन–एनडीए क सिस्टमण्डल राष्ट्रपति राष्ट्रपति से मुलाकाति कइ के श्री मोदी के भाजपा संसदीय दल क नेता चुनल गइले सम्बन्धी पत्र सउंपलें रहलें। एनडीए क घटक दलन क समरथन पत्रो राष्ट्रपति के सउंपल गइल रहे।

श्री नरेन्द्र मोदी आजु सपथ ग्रहण से पहिले अपने दिल्ली आवास पर चाय पर चरचा क आयोजन कइलें। एहमें भारतीय जनता पारटी क नेता अमित शाह, जगत प्रकाश नड्डा, डॉक्टर एस० जयशंकर, निर्मला सीतारामन, नितिन गड़करी, धर्मेंद्र प्रधान, पीयूष गोयल, ज्योतिरादित्य सिंधिया अउर किरेन रिजिजू सामिल रहलें।

लोक जनशक्ति पारटी–रामविलास गुट क प्रमुख चिराग पासवानो प्रधानमंत्री से आवास पर मुलाकाति कइलें। एहसे पहिले उहां के आजु दिल्ली नई दिल्ली में राजघाट पर महात्मा गांधी के सरधांजलि अरपित कइलीं। श्री मोदी राष्ट्रीय समर स्मारको पर पुस्पांजलि अरपित कइलें। उहां के पूर्व प्रधानमंत्री स्वर्गीय अटल बिहारी वाजपेई के समाधि स्थल सदैव अटल गइलीं अउर ओन्हें सरधासुमन अरपित कइलीं।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवें कि पेपर लीक चाहे सॉल्वर गैंग जइसन अराजक गतिविधियन के कउनों कीमति पर स्वीकार नाहीं कइल जा सके ला। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में उहां के कहलीं कि अइसन अपराध में संलिप्त हर अपराधी के खिलाफ अइसन कठोरतम कार्रवाई कइल जाय जवन नजीर बनें।

एहसे पहले, मुख्यमंत्री काल्हि लखनऊ में कई गो चयन आयोगन के अध्यक्षन अउर सीनियर अधिकारियन के साथे एगो उच्चस्तरीय बइठकी में पेपर लीक चाहे सॉल्वर गैंग जइसन अपराधन खातिर कड़ेर कानून बनवले के जरूरति पर जोर दिहलें। बइठकी के दौरान भरती परीक्षा के संचालन में सुधार खातिर कई कदम उठावत मुख्यमंत्री घोसणा कइलें कि खाली सरकारी चाहे वित्तपोसित सिक्षा संस्थाने परीक्षा केन्द्र के रूप में कर करिहें, जेकरे हर कमरा में अब सीसीटीवी कैमरा होई। परीक्षा केन्द्र खाली सहरी इलाकन में होई।

उहां के आयोजन से कहलीं कि ऊ भरती प्रक्रिया क हर फेरा के दौरान राज्य के सीर्स अधिकारियन के साथे–साथे बिसेस टास्क फोर्स के सम्पर्क में रहें। पूरा प्रक्रिया में बड़हन बदलाव के जरूरति पर जोर देत योगी आदित्यनाथ उनसे पेपर सेटिंग अउर भरती प्रक्रिया के अउरियो फेरा बदे अलगि–अलगि एजेंसियन क उपयोग करे के कहलें। उहां के अधिकारियन से कई गो विभागन में खाली पदन पर चयन प्रक्रिया में तेजी ले अइले अउर भरती प्रक्रिया क सुचितो बनावे के कहले हईं।

**********

इलाहाबाद केंद्रीय विश्विद्यालय येह सालि नया सिक्षा नीति के तहत कई गो भासा, संगीत अउर सेयर मार्केट के सथहीं तेरह कौसल से जुड़ल छोट–छोट पाठ्यक्रम क सुरूआति कइले हवे। विश्वविद्यालय क कुलपति प्रोफेसर संगीता श्रीवास्तव संवाददाता सम्मेलन में बतउलिनि कि येह पाठ्यक्रम में विश्वविद्यालय क बहरे क विद्याथी अउर महिलो प्रवेस ले सकेलिनि। एहमें से हर पाठ्यक्रम क अवधि नब्बे दिन क होई।

**********

महाराष्ट्र क पीडब्ल्यूडी मंत्री रविन्द्र चौहान आजु सत्तर सदस्यन क प्रतिनिधिमण्डल के साथे अजोध्या पहुंचि के रामलला क दरसन–पूजन कइलें। उहां के अजोध्या में प्रस्तावित महाराष्ट्र भवन क जमीनि खातिर स्थलीय निरीक्षणो कइलें। संवाददाता लोगिन से बतियावत उहां के भवन क जमीनि खातिर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के प्रति आभार जतवलीं।

**********

प्रदेस में बीतल चउबीस घंटा में भइल अलगि–अलगि सड़कि दुरघटना में नौ जने क मउति हो गइल अउर सात लोगि घाही हो गइलें। घाही लोगिन क इलाज चलि रहल हौ।

अमेठी जिला के मुंशीगंज थान्हा इलाका के जामो भादर चौराहा पर आजु एगो तेज रफ्तार बोलेरो अउर बुलेट के टक्कर में बेकाबू हो के बोलेरो पेड़ से लड़ि गइल। येह दुरघटना में बुलेट सवार भाई–बहिनि अउर मांजा क मउति हो गइल। सथहीं बोलेरो सवार दुइ मेहरारूनों क ओहिजुकवें मउति हो गइल। येह हादसा में घाही बोलेरो पर सवार छौ लोगिन क इलाज खातिर अस्पताले में भरती करा दिहल गइल हौ। ई सज्जो लोगि अन्तिम संस्कार में सामिल होखे जात रहलें।

ओहर, बलरामपुर नगर के कोतवाली थान्हा इलाका में बीतल राति एगो ट्रक, बाइक सवार दुइ लोगिन के टक्कर मारि दिहलस, जेहमें दुन्नो क ओहिजुकवें मउति हो गइल। ई लोगि अपने रिस्तेदारी के कउनों कार्यक्रम से लवटत रहलें कि पहलवारा के लग्गे ट्रक के चपेटा में आ गइलें। सुल्तानपुर जिला के कोतवाली नगर इलाका के सुल्तानपुर–बलिया राष्ट्रीय राजमार्ग पर एगो बेकाबू चारपहिया गाड़ी के टक्कर से बाइक सवार हेड कांस्टेबल अउर उनकर पत्नी क मउति हो गइल। दुरघटना में घाही साइकिल सवार के इलाज खातिर राजकीय मेडिकल कॉलेज में भरती करावल गइल हौ।

**********